



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Ganthing Kencana

Penulis
Maria Magdalena Sri Haryanti

Ilustrator
Adi Chandra

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Canthing Kencana

Canthing Kencana

Penulis : Maria Magdalena Sri Haryanti
Ilustrator : Adi Chandra
Penerjemah : Minyati, S.Pd., M.Pd.

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Canthing Kencana

Canthing Kencana

Penulis : Maria Magdalena Sri Haryanti
Ilustrator : Adi Chandra
Penerjemah : Maria Magdalena Sri Haryanti
Penyunting : Nindwihapsari
Penata Letak : Eros Rosita

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-478-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, First Writing, Calibri.
ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Awan iki hawa panas banget. Bokmenawa kena dayane Gunung Merapi sing lagi muntahake wedhus gembel. Awan bengi wong-wong padha ngrasakake sumuk.

Panas hawa awan iki kaya kang dirasakake atine Kencana. Dheweke mangkel banget amarga saben dina diece karo kancakancane. Kencana kepengin males pepoyokane kancane, nanging ora wani. Kencana mung bisa meneng.

Jam 13.00 WIB Kencana mulih sekolah. Kencana, bocah ireng manis iku sekolah ing SD Sidomukti, Kelas VI. Jeneng jangkepe Canthing Kencana, nanging luwih seneng diceluk Kencana.

Nalika mulih sekolah Kencana biasane nemoni simbahe putri dhisik lan ngaras astane. Dina iku ora kaya padatane, Kencana langsung mlebu kamare. Lawang ditutup rapat saka jero. Simbah Putri kang lagi lenggahan sinambi maos kalawarti Pagagan rumangsa bingung.

Siang ini hawanya panas sekali. Mungkin pengaruh Gunung Merapi yang sedang memuntahkan wedus gembel. Siang malam orang-orang merasakan gerah.

Panasnya hawa siang ini sepanas hati Kencana. Dia merasa jengkel karena setiap hari diejek oleh teman-temannya. Kencana ingin membalas ejekan temannya, tetapi tidak berani. Kencana hanya bisa diam.

Pukul 13.00 WIB Kencana pulang sekolah. Kencana, anak hitam manis itu sekolah di SD Sidomukti, Kelas VI. Nama lengkap dia Canthing Kencana, tetapi lebih senang dipanggil Kencana.

Saat pulang sekolah biasanya Kencana menemui nenek terlebih dulu dan mencium tangannya. Hari itu tidak seperti biasanya, Kencana langsung masuk kamarnya. Pintu ditutup rapat dari dalam. Nenek yang sedang duduk sambil membaca majalah Pagagan merasa bingung

Saben awan Kencana karo Simbah Putri amarga bapak lan ibune padha ngasta. Kencana iku siji-sijine putu Simbah Putri amarga ibune anak tunggal.

Simbah putri nyelehake kalawartine banjur tumuju kamare Kencana. Lawang coba dibukak, nanging dikunci saka jero.

Simbah putri ndhodhog lawang kamare Kencana bola-bali. Nanging, ora krungu wangsulan saka jero. Simbah putri rumangsa kuwatir. “Ayo, Ndhuk bukaken lawange!” Simbah putri ngarih-arih Kencana supaya mbukak lawang kamare.

Ora watara suwe krungu sikil jumangkahtumujulawang. Lawang kamar dibukak dening Kencana. Simbah Putri banjur mlebu kamare Kencana. Ing kamar Kencana teturon mengkureb ngekeb bantal. Simbah Putri nyedhaki Kencana.

Setiap siang Kencana tinggal bersama Nenek karena bapak dan ibunya bekerja. Kencana merupakan cucu tunggal nenek karena ibu Kencana anak tunggal.

Nenek meletakkan majalahnya lalu berjalan menuju kamar Kencana. Pintu coba dibuka, tetapi dikunci dari dalam.

Nenek mengetuk pintu kamar Kencana berkali-kali. Namun, tidak terdengar jawaban dari dalam. Nenek merasa khawatir. “Ayo, Nak bukakan pintunya!” Nenek membujuk Kencana supaya membuka pintu kamarnya.

Tidak berapa lama terdengar langkah kaki menuju pintu. Pintu kamar dibuka oleh Kencana. Nenek kemudian masuk kamar Kencana. Di dalam kamar Kencana tengkurap sambil memeluk bantal. Nenek mendekati Kencana.



Kencana nangis mingseg-mingseg karo ngekeb bantal. Dheweke isih nganggo sragam sekolahe. Mojahe uga isih dienggo. Simbah Putri ngelus-elus sirahe Kencana kanthi asih tresna.

“Ana apa ta, Ndhuk?” pitakone simbah putri. Kencana gedheg-gedheg, dheweke nangis mingseg-mingseg. “Yen ora apa-apa kok nangis? Apa ana sing ngladaki kowe?” Simbah Putri tetep sabar ngarih-arih Kencana.

“Kencana wegah sekolah kok, Mbah!” wangsulane Kencana cekak. “Lho kok wegah sekolah iku ngapa?” pitakone Simbah Putri. “Pokoke wegah, nggih, wegah!” ature Kencana karo nangis.

Simbah Putri ngeneng-enengi Kencana kanthi sabar. Sawise sawatara wektu, Kencana lerem anggone nangis. Simbah Putri ngelap luh kang ndlewer ing pipine Kencana.

Kencana menangis terisak-isak sambil memeluk bantal. Dia masih memakai seragam sekolah. Kaos kaki juga masih dipakai. Nenek membelai kepala Kencana dengan penuh kasih sayang.

“Ada apa, Nak?” tanya Nenek. Kencana menggeleng, dia masih menangis terisak-isak. “Kalau tidak ada apa-apa kok menangis? Apa ada yang menjaili kamu?” Nenek membujuk Kencana dengan sabar.

“Kencana tidak mau sekolah, Nek!” jawab Kencana dengan singkat. “Lho mengapa tidak mau sekolah?” tanya Nenek. “Pokoknya tidak mau, ya, tidak mau!” kata Kencana sambil menangis.

Nenek menenangkan Kencana dengan sabar. Setelah beberapa saat, Kencana berhenti menangis. Nenek menghapus air mata yang mengalir di pipi Kencana.



Simbah Putri banjur metu saka kamare Kencana. Ora watara suwe Simbah Putri mlebu karo ngasta wedang teh anget. Gelas diulungake marang Kencana.

Kencana nampa gelas isi wedang teh anget. Wedang banjur diruput sathithik mbaka sathithik. “Kepriye saiki rasane, wis rada kepenak?” pitakone Simbah Putri. Kencana manthuk tanpa kumecap.

“Coba saiki critaa ngapa kowe nangis?” Simbah Putri takon marang Kencana kanthi sabar. “Kanca kula nakal, Mbah,” wangsulane Kencana. “Lho, nakal kepriye?” pitakone Simbah Putri.

Kencana banjur crita yen dheweke diece dening kanca-kancane. Simbah Putri banjur takon sapa sing kerep ngece Kencana.

Nenek kemudian keluar dari kamar Kencana. Tidak berapa lama nenek masuk lagi sambil membawa segelas teh hangat. Gelas diberikan kepada Kencana.

Kencana menerima segelas teh hangat. Teh diseruput sedikit demi sedikit. “Sekarang bagaimana, sudah merasa enak?” tanya Nenek. Kencana mengangguk tanpa berkata apa-apa.

“Sekarang coba ceritakan mengapa kamu menangis?” Nenek bertanya kepada Kencana dengan sabar. “Teman saya nakal, Mbah,” jawab Kencana. “Lho, nakal bagaimana?” tanya Nenek.

Kencana kemudian bercerita bahwa dia diejek oleh teman-temannya. Nenek kemudian bertanya siapa yang sering mengejek Kencana.

“Kathah, Mbah,” wangsulane Kencana. “Dipoyoki kepriye, Ndhuk?” pitakone Simbah Putri maneh. “Kula dipoyoki canthing... canthing... kuru mekingking,” ature Kencana mbesengut.

Nalika midhangetake wadule Kencana, Simbah Putri mesem. Karo ngampet ngguyu, Simbah Putri takon marang Kencana. “Wiwit kapan kowe dipoyoki kancamu, Ndhuk?” pitakone Simbah Putri. “Wiwit rumiyin, Mbah,” wangsulane Kencana.

“Kok kowe lagi crita saiki, Ndhuk?” pitakone Simbah Putri. Kencana mangsuli kanthi praupan sedhik manawa dheweke wedi karo kanca-kancane.

“Mulane kawit biyen kowe emoh diceluk Canthing ya, Ndhuk?” Simbah Putri ngendika karo mesem. Kencana manthuk. Kawit biyen Kencana pancen emoh yen diceluk kanthi sebutan Canthing. Kamangka, jeneng jangkepe Canthing Kencana.

“Banyak, Nek,” jawab Kencana. “Diejek bagaimana, Nak?” tanya Nenek lagi. “Saya diejek canthing... canthing... kurus kering,” jawab Kencana dengan cemberut.

Saat mendengar pengaduan Kencana, Nenek tersenyum. Sambil menahan tawa, Nenek bertanya kepada Kencana. “Mulai kapan kamu diejek temanmu, Nak?” tanya Nenek. “Sejak dulu, Nek,” jawab Kencana.

“Kok kamu baru cerita sekarang, Nak?” tanya Nenek. Kencana menjawab dengan wajah sedih bahwa dia takut terhadap teman-temannya.

“Oleh sebab itu, sejak dulu kamu tidak mau dipanggil Canthing ya, Nak?” Nenek berkata dengan tersenyum. Kencana mengangguk. Sejak dulu dia memang tidak mau dipanggil Canthing. Padahal, nama lengkap dia Canthing Kencana.

Canthing Kencana luwih seneng diceluk Kencana tanpa embel-embel Canthing. Saiki Simbah Putri ngerti alesane Kencana ora seneng diceluk Canthing.

Simbah Putri ngelus-elus rambute Kencana kang dawa lan ireng menges-menges. Kanthi kebak rasa tresna Simbah Putri nuturi Kencana. Sejatine, jeneng Canthing Kencana kuwi tegese apik banget.

“Sae kados pundi, ta Mbah?” pitakone Kencana. “Kowe ngerti apa gunane canthing?” Simbah Putri genti takon marang Kencana. “Canthing menika piranti kangge mbathik,” wangsulane Kencana. Simbah Putri manthuk lan mesem nalika krungu wangsulane Kencana.

“Bener, canthing iku pancen piranti kanggo mbathik,” ngendikane Simbah Putri. “Canthing iku gunane kanggo gawe motif ing mori nalika mbathik. Pamilihing canthing bisa nemtokake mutu bathik sing diasilake,” Simbah nerusake pangandikane.

Canthing Kencana lebih suka dipanggil Kencana tanpa tambahan Canthing. Sekarang Nenek tahu alasan Kencana tidak suka dipanggil Canthing.

Nenek membelai rambut Kencana yang panjang dan hitam berkilau. Dengan penuh rasa kasih sayang, Nenek memberi pengertian Kencana. Sebenarnya, nama Canthing Kencana itu bermakna sangat bagus.

“Bagus bagaimana, Nek?” tanya Kencana. “Kamu tahu manfaat canthing?” Nenek bertanya kepada Kencana. “Canthing itu alat untuk membatik,” jawab Kencana. Nenek mengangguk dan tersenyum saat mendengar jawaban Kencana.

“Benar, Canthing itu memang alat untuk membatik,” kata Nenek. “Canthing itu berguna untuk membuat motif pada kain saat membatik. Pemilihan canthing bisa menentukan mutu batik yang dihasilkan,” Nenek meneruskan kata-katanya.

“Kok saged, Mbah?” pitakone Kencana sajak ora ngandel. “Lha ya bisa, Ndhuk,” ngendikane Simbah. “Yen kowe milih bathik, apa sing kodelok sepisanan,” pitakone Simbah Putri. “Motif kaliyan wernanipun, Mbah,” wangsulane Kencana.

“Bener kandhamu, Ndhuk. Nalika wong milih bathik, sing didelok sepisanan motif lan wernane. Motif iku ditemtokake saka gambar uga saka pamilihe canthing. Dene wernane bathik gumantung saka pamilihe bahan warna,” ngendikane Simbah Putri.

“Apik lan orane bathik pancen ditemtokake canthing sing digunakake. Iku amarga sabentitik lan garis ing bathik gumantung ukurane canthing. Bathik tulis ora mung gumantung wernane, nanging uga motif. Motif iku dicoretake lumantar canthing,” Simbah Putri nerangake kanthi sabar.


Nalika mireng ngendikane Simbah Putri, Kencana rumangsa kabukak atine. Dheweke kepengin tambah ngerti babagan tegese canthing. Saliyane iku, dheweke uga kepengin ngerti tegese jenenge. Ngapa wong tuwane njenengi dheweke Canthing Kencana.

“Kok bisa, Nek?” tanya Kencana seperti tidak percaya. “Iya bisa, Nak,” kata Nenek. “Apabila kamu memilih batik, apa yang pertama kali kamu amati?” tanya Nenek. “Motif dan warna, Nek,” jawab Kencana.

“Benar katamu, Nak. Ketika orang memilih batik, yang dilihat pertama kali motif dan warna. Motif itu ditentukan dari gambar dan dari pemilihan canthing. Adapun warna batik tergantung dari pemilihan bahan warna,” kata Nenek.

“Bagus dan tidaknya batik memang ditentukan dari oleh canthing yang digunakan. Itu karena setiap titik dan garis pada batik tergantung dari ukuran canthing. Batik tulis tidak hanya bergantung pada warna, tetapi juga motif. Motif itu dicoretkan melalui canthing.” Nenek menjelaskan dengan sabar.

Saat mendengar perkataan Nenek, Kencana merasa terbuka hatinya. Dia ingin lebih mengetahui tentang makna canthing. Selain itu, dia juga ingin mengetahui makna dari nama dia. Mengapa orang tuanya memberi nama Canthing Kencana.



“Kok wujudé canthing menika aneh nggih, Mbah?” pitakone Kencana. “Aneh kepriye, Ndhuk?” Simbah Putri genti takon. “Lha nggih aneh, kok wujudé dawa terus wonten bunderan lan cucuke.”

“Ooo... pancen kaya ngono. Wujudé canthing iku ana telung perangan. Sepisan, ana cucuk utawa carat kang digunakake kanggo metune malam. Kapindho, nyamplung kang digunakake kanggo wadhahe malam. Katelu, cekelan utawa gagang kang digawe saka kayu utawa empring.”

Kencana manthuk-manthuk nalika mireng andharane Simbah Putri. Simbah Putri ngendika manawa cucuk saha nyamplung iku biasane digawe saka tembaga.

Sabanjure, Simbah Putri ngandharake tegese canthing. Miturut Simbah Putri, tumrape masyarakat Jawa canthing iku ora mung kanggo mbathik. Iku kabeh bisa kadelok saka perangane canthing. Gagang mujudake landhesan iman marang Gusti. Nyamplung nuduhake jembaring ati, dene cucuk nuduhake pangati-ati.

“Kok bentuknya canthing itu aneh ya, Nek?” tanya Kencana. “Aneh bagaimana, Nak?” Nenek ganti bertanya. “Iya aneh, kok wujudnya panjang terus ada lubang dan paruhnya?”

“Ooo... memang seperti itu. Bentuknya canthing itu ada tiga bagian. Pertama, ada paruh atau pancuran yang digunakan untuk keluarnya lilin batik. Kedua, *nyamplung* yang digunakan untuk tempat lilin batik. Ketiga, pegangan atau gagang yang dibuat dari kayu atau bambu.”

Kencana mengangguk-angguk saat mendengar penjelasan Nenek. Nenek berkata bahwa paruh dan *nyamplung* itu biasanya dibuat dari tembaga.

Selanjutnya Nenek menjelaskan makna canthing. Menurut Nenek, bagi masyarakat Jawa canthing itu tidak hanya digunakan untuk membatik. Semua itu bisa dilihat dari bagian canthing. Gagang mewujudkan landasan iman kepada Tuhan. *Nyamplung* menunjukkan kebesaran hati, sedangkan paruh menunjukkan kehati-hatian.

“Wah, jebule canthing menika tegesipun sae sanget nggih, Mbah,” ature Kencana. “Lha iya, saka canthing awake dhewe bisa sinau. Manungsa ing donya iku kudu duwe landhesan iman, sabar, lan ngati-ati.”

Kencana seneng mireng wewarahe simbah putri. Dheweke dadi rumangsa gela amarga sasuwene iki ora seneng karo jenenge dhewe. Kamangka, jenenge iku nduweni teges sing luhur banget.

“Menawi jinis canthing menika kathah nggih, Mbah?” pitakone Kencana. “Iya, jinise canthing iku werna-werna. Ana sing bolongane cilik, kaya canthing isen lan cecek. Ana sing bolongane sedhengan, kaya canthing reng-rengan. Uga ana sing gedhe, kaya canthing klowong lan tembok.”


Gunane jinis canthing iku gumantung saka motif sing arep digawe. Mula nalika mbathik, pamilihe jinis canthing kudu pas. Sing mbathik ora mung waton nganggo supaya asile mbathik bisa apik. Simbah Putri nerangake jinis canthing kanthi sabar.

“Wah, ternyata canthing itu artinya bagus sekali ya, Nek,” kata Kencana. “Iya, dari canthing kita bisa belajar. Manusia di dunia itu harus mempunyai landasan iman, sabar, dan hati-hati.”

Kencana senang mendengar penjelasan dari Nenek. Dia merasa menyesal karena selama ini tidak senang dengan namanya sendiri. Padahal, namanya itu mempunyai makna yang luhur sekali.

“Jenis canthing itu banyak ya, Nek?” tanya Kencana. “Iya, jenis canthing itu bermacam-macam. Ada yang lubangnya kecil, seperti canthing *isen* dan *cecek*. Ada yang lubangnya sedang, seperti canthing *reng-rengan*. Juga ada yang lubangnya besar, seperti canthing *klowong* dan tembok.”

Kegunaan tiap jenis canthing itu tergantung dari motif batik yang akan dibuat. Pada waktu membatik, pemilihan jenis canthing harus pas. Yang membatik tidak hanya sembarangan menggunakan supaya hasil batik bisa bagus. Nenek menjelaskan jenis canthing dengan sabar.



“O, dados canthing menika pangertosanipun luhur sanget nggih, Mbah,” kandhane Kencana. “Lha iya, Ndhuk. Kowe ora sah isin amargo duwe jeneng Canthing. Arang-arang wong duwe jeneng kaya kowe kuwi.” Simbah Putri ngendika karo mesem.

Simbah Putri crita yen sing maringi jeneng Canthing Kencana kuwi Simbah Kakung. Biyen nalika sugeng, Simbah Kakung pancen dadi juragan bathik. Nalika Kencana lair, dheweke dijenengi Canthing Kencana. Jeneng iku nuduhake yen Simbah Kakung pancen remen marang seni bathik.

“Canthing Kencana menika tegesipun menapa, Mbah?” pitakone Kencana. “Canthing Kencana iku tegese canthing emas,” ngendikane Simbah Putri. “Iku tegese supaya kowe dadi bocah kang sabar lan kuwat kaya dene canthing.”

“Kencana iku tegese emas. Emas iku cumlorot lan ora bakal luntur wernane. Kowe dikarepake dadi wong kang bisa gawe pepadhang tumrape liyan. Kaya denesorotingemas.” Kencana saiki ngerti karepe manawa dheweke dijenengi Canthing Kencana.

“O, jadi canthing itu pengertiannya luhur sekali ya, Nek,” kata Kencana. “Iya, Nak. Kamu tidak perlu malu karena mempunyai nama Canthing. Jarang-jarang orang mempunyai nama seperti kamu.” Nenek berkata sambil tersenyum.

Nenek bercerita bahwa yang memberi nama Canthing Kencana itu Kakek. Dulu saat masih hidup, Kakek memang menjadi juragan batik. Ketika Kencana lahir, dia diberi nama Canthing Kencana. Nama itu menunjukkan bahwa Kakek memang senang terhadap seni batik.

“Canthing Kencana itu artinya apa, Nek?” tanya Kencana. “Canthing Kencana itu artinya canthing emas,” kata Nenek. “Itu bermakna supaya kamu bisa menjadi anak yang sabar dan kuat seperti canthing.”

“Kencana itu artinya emas. Emas itu bersinar dan tidak akan luntur. Kamu diharapkan menjadi orang yang bisa menjadi penerang bagi orang lain. Layaknya sinar emas.” Sekarang Kencana tahu tujuan dia diberi nama Canthing Kencana.

Kencana manthuk-manthuk nalika mireng pangandikane Simbah Putri. “Ndhuk, kowe kudu kuwat ing iman, sabar, tliti, lan ngati-ati. Mangkono iku kaya canthing nalika digunakake mbathik.” Kencana tambah mongkog mireng wewarahe Simbah Putri.

Kencana rumangsa getun. Sasuwene iki dheweke isin lan ora seneng marang jenenge dhewe. “Kula nyuwun pangapunten nggih, Mbah, kula lepat. Kencana sampun isin lan boten remen kaliyan asma paringanipun Simbah Kakung.” Kencana matur karo ngaras astane Simbah Putri.

“Kowe ora perlu isin, Ndhuk. Kowe iku ora luput, kowe mung durung ngerti wae. Sejatine, jenengmu kuwi apik banget tegese,” ngendikane Simbah Putri. “Inggih, Mbah, samenika Kencana boten isin malih manawi diceluk Canthing.” Simbah Putri mesem nalika krungu ature Kencana.

“Lha, iku putune Simbah sing paling ayu. Aja gampang nglokro lan gampang nesu, Ndhuk. Saiki maemo dhisik! Kawit mau kowe durung maem ta?” Simbah Putri ndhawuhi Kencana supaya maem. Kencana mesem lan manthuk.

Kencana mengangguk-angguk saat mendengar perkataan Nenek. “Nak, kamu harus kuat iman, sabar, teliti, dan hati-hati. Seperti itulah canthing ketika digunakan untuk membatik.” Kencana tambah besar hati mendengar penjelasan dari Nenek.

Kencana merasa menyesal. Selama ini dia malu dan tidak suka dengan namanya sendiri. “Saya minta maaf ya, Nek, saya salah. Kencana merasa malu dan tidak suka dengan nama pemberian Kakek.” Kencana berkata sambil mencium tangan Nenek.

“Kamu tidak perlu malu, Nak. Kamu tidak salah, kamu hanya belum mengetahui saja. Sebenarnya, namamu itu bermakna sangat bagus,” kata Nenek. “Iya, Nek, sekarang Kencana tidak malu apabila dipanggil Canthing.” Nenek tersenyum saat mendengar perkataan Kencana.

“Lha, itu baru cucu Nenek yang paling cantik. Jangan mudah menyerah dan mudah marah, Nak. Sekarang makanlah dulu! Sejak tadi kamu belum makan, kan?” Nenek menyuruh Kencana supaya makan. Kencana tersenyum dan mengangguk.

Sabubare maem, Simbah Putri banjur ngajak Kencana mlebu ing kamar. Kencana rada bingung nanging dheweke mung manut kersane Simbah Putri. Simbah Putri banjur mbukak lemari lan ngetoke maneka warna bathik. Kencana rumangsa gumun weruh maneka warna bathik simpenane Simbah.

Simbah Putri nerangake manawa bathik-bathik iku asil bathikane Simbah Kakung. Biyen Simbah Kakung pancen seniman bathik kang kondhang. Kondange ora mung ing Ngayogyakarta, nanging uga ing Indonesia lan manca negara. Asil karyane mbathik wis dikoleksi tekan ngendi-endi.

Kencana kaya kagugah atine. Dheweke tambah mongkog, pranyata Simbah Kakung dadi seniman bathik kang misuwur. Kencana banjur duwe tekad kepingin dadi seniman bathik. Simbah Putri mesem nalika krungu ature Kencana.

Maneka warna motif bathik digelar ing ambèn. Simbah Putri nyebutake motif-motif bathik iku. Ana motif parang, kawung, sidomukti, sidoluhur, sekar jagad, gurda, lan sapanunggalane. Kencana tambah gumun. Dheweke ora nyangka manawa motif bathik iku akeh banget.

Setelah makan, Nenek mengajak Kencana masuk ke kamar. Kencana agak bingung, tetapi dia hanya menurut saja keinginan Nenek. Nenek kemudian membuka almari dan mengeluarkan bermacam-macam kain batik. Kencana merasa kagum melihat berbagai macam kain batik simpanan Nenek.

Nenek menjelaskan bahwa kain-kain batik itu hasil karya membatik Kakek. Dulu Kakek memang seniman batik yang terkenal. Terkenal tidak hanya di Yogyakarta, tetapi juga di Indonesia dan luar negeri. Hasil karya batik Kakek dikoleksi di mana-mana.

Kencana seperti tergugah hatinya. Dia bertambah bangga, ternyata Kakek seorang seniman batik yang terkenal. Kencana mempunyai keinginan menjadi seniman batik. Nenek tersenyum saat mendengar perkataan Kencana.

Beraneka macam motif batik digelar di atas tempat tidur. Nenek menyebutkan motif-motif batik itu. Ada motif parang, kawung, sidomukti, sidoluhur, sekar jagad, gurda, dan sebagainya. Kencana tambah kagum. Dia tidak menyangka bahwa motif batik itu banyak sekali.



Motif-motif bathik mau nduweni *filosofi* kang luhur. Simbah Putri nerangake *filosofi* motif bathik mau siji mbaka siji. Anggone nerangake cetha lan kepenak dirungokake. Kencana ora ngira Simbah Putri pinter bab kawruh seni bathik.

Kencana banjur nyuwun pirsajenenge motif bathik. Dheweke nuduhake motif bathik sing dikarepake. Simbah Putri nerangake manawa iku bathik kawung.

Kencana nyritakake manawa ing sekolahan dheweke tau diajari nggambar motif kawung. Kencana kepingin ngerti *filosofi* motif bathik kawung. Miturut simbahe putri motif bathik kawung iku wujud kaya woh kawung. Woh kawung iku kaya dene woh aren utawa kolang kaling.

Woh kawung mau ditata kanthi rapi *sambung-sinambung*. Motif kawung mau duwe teges kasempurnan. Kawung uga ana gegayutane karot tembung suwung. Suwung kang ateges kosong, kosong saka nepsu kadonyan. Wong bisa ngendhaleni dhiri, ora seneng umuk, lan tansah andhap asor.

Motif-motif batik itu mempunyai filosofi yang luhur. Nenek menjelaskan filosofi motif batik itu satu per satu. Cara menerangkan jelas dan enak didengar. Kencana tidak menyangka ternyata Nenek memahami pengetahuan tentang seni batik.

Kencana lalu bertanya nama suatu motif batik. Dia menunjukkan motif batik yang dimaksud. Nenek menjelaskan bahwa itu motif batik kawung.

Kencana bercerita bahwa di sekolah dia pernah diajari menggambar motif batik kawung. Kencana ingin mengetahui filosofi motif batik kawung. Menurut Nenek motif batik kawung itu seperti buah kawung. Buah kawung itu seperti buah aren atau kolang-kaling.

Buah kawung tadi ditata rapi bersambungan. Motif kawung itu mempunyai makna kesempurnaan. Kawung juga ada hubungannya dengan kata *suwung*. *Suwung* artinya kosong, kosong dari hawa nafsu duniawi. Orang bisa menahan diri, tidak sombong, dan selalu rendah hati.



Kencana manthuk-manthuk krungu wejangane Simbah Putri. Praupane katon sumringah, wus ora ana rasa sedhih maneh. Dheweke duwe tekad ora arep ngrungokake pangolok-oloke kancane. Dheweke kepengin nuduhake manawa seni bathik iku seni adi luhung. Samono uga jeneng Canthing.

Sasuwene iki Kencana ora duwe rasa seneng marang seni bathik. Apamaneh atine wis katutup rasa mangkel amarga kerep dipoyoki kancane. Nanging, saiki panganggepe wis beda. Luwih-luwih dheweke wis krungu wewarahe Simbah Putri. Kencana duwe tekad kepengin nyinau lan nguri-uri seni bathik.

Dina candhake ngepasi dina Setu. Wong tuane Kencana prei anggone ngasta. Dina iku wong tuane Kencana ngajak mlaku-mlaku. Ora lali Simbah Putri uga diajak. Kencana seneng banget, apamaneh saiki rasa mangkele wis ilang.

Mobil kang ditumpaki Kencana sakulawarga mlaku alon-alon. Lakune tumuju arah ngetan ngliwati ngarep Kantor Pos Gedhe. Kencana ngira manawa dheweke arep dijak menyang *mall*. Nanging, pangirane luput amarga ing Prapatan Gondomanan mobil tetep mlaku ngetan.

Kencana mengangguk-angguk mendengar penjelasan dari Nenek. Wajahnya kelihatan berseri, sudah tidak merasa sedih lagi. Dia bertekad tidak akan mendengarkan ejekan temannya. Dia ingin menunjukkan bahwa seni batik itu seni yang sangat luhur. Demikian juga nama Canthing.

Selama ini Kencana tidak suka terhadap seni batik. Apalagi hatinya sudah tertutup rasa jengkel karena sering diejek temannya. Akan tetapi, sekarang anggapannya sudah berbeda. Lebih-lebih dia sudah mendengar penjelasan Nenek. Kencana bertekad ingin belajar dan melestarikan seni batik.

Hari berikutnya bertepatan hari Sabtu. Orang tua Kencana libur bekerja. Hari itu orang tua Kencana mengajak jalan-jalan. Tidak lupa Nenek juga diajak. Kencana senang sekali, apalagi sekarang rasa jengkelnya sudah hilang.

Mobil yang dinaiki Kencana sekeluarga berjalan pelan-pelan. Jalannya menuju arah timur melewati depan Kantor Pos Besar. Kencana mengira bahwa dia akan diajak ke mal. Namun, perkiraannya keliru karena di Perempatan Gondomanan mobil tetap melaju ke arah timur.



“Pak, Bu, manika badhe dhateng pundi?” pitakone Kencana. Bapake mung mangsuli cekak aos, “Kowe mengko ya bakal ngerti dhewe.” Ibu lan Simbah Putri mung mesem karo padha sawang-sawangan. Wusanane mobil mandheg ing sangarepe gedhung. Gedhung mau ana tulisane “Museum Bathik”.

Kencana lagi ngerti saiki yen dheweke dijak mlaku-mlaku menyang Museum Bathik. Kencana sakulawarga mudhun saka mobil. Lagi sepisan iki Kencana menyang Museum Bathik. Akeh koleksi bathik ing museum iku. Ing kono uga ana gladhen mbathik.

Kencana kepengin melu gladhen mbathik, ananging Simbah Putri njanjeni arep ngajari. Kencana seneng banget krungu pangandikane Simbah Putri.

Wiwit wektu iku Kencana wis ora isin maneh diceluk Canthing, kepara malah mongkog. Dheweke bakal tansah eling pituture Simbah Putri. Luwih becik nuduhake kapinteran tinimbang ngrungokake omongane wong liya.

“Pak, Bu, kita mau kemana?” tanya Kencana. Ayahnya hanya menjawab singkat, “Nanti kamu akan mengerti.” Ibu dan Nenek hanya tersenyum sambil berpandangan. Akhirnya mobil berhenti di depan sebuah gedung. Gedung tersebut bertulisan “Museum Batik”.

Sekarang Kencana mengerti kalau dia diajak berjalan-jalan ke Museum Batik. Kencana sekeluarga turun dari mobil. Baru pertama kali Kencana ke Museum Batik. Banyak koleksi batik di museum itu. Di tempat itu juga ada kegiatan latihan membatik.

Kencana ingin ikut latihan membatik, tetapi Nenek berjanji untuk mengajarnya. Kencana merasa senang sekali mendengar perkataan Nenek.

Mulai saat itu Kencana sudah tidak merasa malu lagi dipanggil Canthing, bahkan berbesar hati. Dia akan selalu mengingat nasihat Nenek. Lebih baik menunjukkan kepandaian daripada mendengarkan omongan orang lain.

Kencana duwe tekad ora bakal mreduli pepoyoke kanca-kancane. Nalika ing sekolah, Kencana isih dipoyoki dening kanca-kancane. Ananging kabeh mau wus ora digubris lan digagas maneh.

Bapak, Ibu, lan Simbah Putri rumangsa seneng ngerti owah-owahane Kencana. Pancen bener wejangane Simbah Putri. Manawa kepengin maju lan pinter, awake dhewe kudu tatag. Ora kena gampang nglokro.

Saiki Kencana wus rumangsa entheng tanpa beban. Amung siji kang dadi tekade, dheweke ora bakal nglokro yen oleh pacoban.

Kencana arep sinau sabar. Dheweke ora bakal isin yen diceluk Canthing. Suwalike, dheweke malah mongkog. Ya, Canthing Kencana, jeneng peparinge Simbah Kakung. Jeneng kang bakal dianggo salawase urip.

Kencana bertekad tidak akan mempedulikan lagi ejekan teman-temannya. Ketika di sekolah, Kencana masih diejek oleh teman-temannya. Akan tetapi, semua itu sudah tidak ia pedulikan dan pikirkan lagi.

Bapak, Ibu, dan Nenek merasa senang mengetahui perubahan pada diri Kencana. Memang benar nasihat Nenek. Apabila ingin maju dan pandai, kita harus kuat. Jangan mudah patah semangat.

Sekarang Kencana sudah merasa ringan tanpa beban. Hanya satu tekatnya, dia tidak akan patah semangat apabila mendapat cobaan.

Kencana ingin belajar bersabar. Dia tidak akan malu apabila dipanggil Canthing. Sebaliknya, dia berbesar hati. Ya, Canthing Kencana, nama pemberian Kakek. Nama yang akan dipakai selama hidupnya.

Biodata



Penulis dan Penerjemah

Maria Magdalena Sri Haryanti lahir di Yogyakarta, 19 Februari 1974. Tinggal di Sumberan, Sumberagung, Moyudan, Sleman. Kesibukan setiap hari yaitu sebagai guru sekaligus istri dan ibu dari 2 orang anak. Menulis merupakan hobi yang sangat menyenangkan. Berbagai tulisan pernah dimuat di berbagai majalah, juga beberapa buku baik antologi maupun pribadi.



Ilustrator

Adi Chandra, lahir di Indramayu. Saya menyelesaikan pendidikan S1 di Universitas Indraprasta PGRI Jakarta. Karir sebagai ilustrator dimulai saat saya masuk kuliah. Hingga sekarang saya fokus sebagai *digital coloring* dan *background artist* di beberapa film animasi Indonesia, maupun Jepang. Saya bisa dihubungi melalui posel adichand29@gmail.com atau bisa disapa di Intagram [@adi_chand](https://www.instagram.com/adi_chand).



Penyunting

Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.



CERDAS
BERLITERASI





MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN


Canthing Kencana, anak hitam manis yang duduk di bangku kelas VI SD. Ia lebih suka dipanggil dengan nama Kencana daripada nama Canthing.

Nama Canthing sering dijadikan bahan olok-olakan atau ejekan oleh teman-temannya.

Suatu hari saat pulang sekolah Kencana menangis. Neneknya bingung dan berusaha menghibur Kencana.

Kencana menceritakan tentang kesedihannya. Kencana bercerita bahwa ia diejek oleh teman-temannya dengan nama Canthing. Nenek Kencana memberitahu bahwa sebenarnya nama Canthing adalah nama yang luhur dan merupakan nama pemberian dari kakeknya.

ISBN 978-623-112-478-4 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**